

**TRUTH
CENTERED
TRANSFORMATION**

MODULE 3



**KUNZWISISA CHOKWADI CHAMWARI
NEKUONA MANYEPO ASATAN
BHUKU REMUDZIDZISI**

Kushandurwa Kwepachokwadi - Bhuku 3: Kunzwisisa Chokwadi chaMwari nekuona Manyepo aSatan v3. Copyright ©2012 Reconciled World, Phoenix, Arizona, United States of America.
www.reconciledworld.org

Basa iri rakavapo nezvitsungo zveCreative Commons Attribution-ShareAlike 3.0 license.
Unobvumidzwa uye kukurudzirwa kurishandisa serako, kukopera, worifakaza uchitevedzera zvisungo zvinotevera:

Taridza Muridzi Wechinyorwa – Ratidza muridzi wechinyorwa nekuisa manzwi aya: Copyright © 2012. Vakatsikisa Reconciled World (www.reconciledworld.org) vari pasi pezvisungo zveCreative Commons Attribution-ShareAlike 3.0 license. Kana uchida kuziva zvakawanda tarisa www.creativecommons.org.

Non-Commercial -- Haungazoshandise chinyorwa ichi kutsvagisa mari.



Kana uchida kuisa chinyorwa ichi mune rumwe rurimi, taura neveinfo@tctprogram.org.
Mavhesi ose, kunze kwepazvakataridzwa, akatorwa kubva muBhaibheri Dzvene, New International Version®, NIV®. Copyright ©1973, 1978, 1984, 2011 by Biblica, Inc.™ rakashandiswa nemvumo yeZondervan. All rights reserved worldwide. www.zondervan.com The “NIV” and “New International Version” are trademarks registered in the United States Patent and Trademark Office by Biblica, Inc.™

Zviri Mukati

Chidzidzo Chekutanga: Tiri kushandurwa here?	3
Nhanganyaya.....	Error! Bookmark not defined.
Mitemo YaMwari	Error! Bookmark not defined.
Kutarisa Zvakare Bhuku 1.....	5
Kushanduka MuFiji.....	5
Kudamisa Ndangariro.....	Error! Bookmark not defined.
Chidzidzo chechipiri: Tinofanika kuva vatariri vezvisikwa	9
Nhanganyaya.....	Error! Bookmark not defined.
Nyaya.....	9
Chidzidzo cheBhaibheri	Error! Bookmark not defined.
Hukama hwakanaka nezvisikwa.....	Error! Bookmark not defined.
Chidzidzo chechitatu: Tinogona kuchinja hupenyu hwamangwana	14
Kuita zvakasiyana	Error! Bookmark not defined.
Kuva munhu anonza shanduko	Error! Bookmark not defined.
Mupendero wenyaya	Error! Bookmark not defined.
Tingazvishandisa sei	18
Chidzidzo chechina: Mwari akatipa zvizhinji	20
Nhanganyaya.....	20
Chidzidzo cheBhaibheri	Error! Bookmark not defined.
Kukurira zvipomero zvatingazvipa	20
Tinofanika kutanga kuona zvose Mwari akatipa.....	Error! Bookmark not defined.
Varimi	22
Chidzidzo chechishanu: Satan Murevi wenhema	23
Nhanganyaya.....	Error! Bookmark not defined.
Ndeapi manyepo anotaurwa naSatan?.....	23
Manyepo aya anokonzera chii?	25
Tingamabvisa sei manyepo aya?.....	26
Chidzidzo chechitanhatu: Kuongorora Zvingadiwa	27
Nhanganyaya.....	Error! Bookmark not defined.
Mhuri.....	Error! Bookmark not defined.
Nharaunda.....	Error! Bookmark not defined.

Usati Watanga

Kugadzirira chidzidzo

1. Nyatso verenga bhuku remudzidzisi, kanazvibvira kakati kuti. Tara nekeunyora zvibodzwa kumapeto kuti ugorangarira zvakakosha.
2. Tarira **Zvinangwa** zvechidzidzo choga choga kuti ugoziva zvingadzidwe nomudzidzi pachidzidzo choga choga.
3. Verenga magwaro **eshoko** ose nenguva.
4. Tarira zvingadiwe pachidzidzo choga choga uye oona kuti wagadzira mabhuku evadzidzi akakwana uye ogadzira mifananidzo ingabatsire ikushandiswa pachidzidzo.
5. Wona kuti ukuziva mitambo yechidzidzo, unokwanisa kusanozviita nemhuri yako kana neshamwari.
6. Tora nguva yekunamata kuti Mwari vagaries vadzidzi vanzwe zvinoda kutaurwa naMwari uye kuti vakubzitsire mukudzidzisa. Rangarira kuti kushandurwa kwevanhu kunoitika kuburikidza nesimba raMwari.

Zvinhu zvingabatsira kudzidzisa

1. Kurumidza kusvika woisa zvinhu zvako zvokushandisa panzvimbo yaunenge uchishandisa.
2. Usamhanya kuzvinhu zvokushandisa. Ronga nguva yakakwana yokukurukura, mitambo, nezororo. Donzvo nderekuti vanhu vawane nguva yekunzwisisa nekubatirana pakudzidza. Dzidzisa chidzidzo chega chega uchiona kuti vadzidzi vanzwisisa. Zvimwe zvidzidzo zvinotora zuva rose.
3. Tarira nguvanenguva. Pakutanga kwechidzidzo chega chega iti dzokororo yezvakadzidzwa. Kudzokorora kunobatsira vanhu kurangarira zvavakadzidza.
4. Tevedzera bhuku romudzidzisi pamwe nezvawakagadzirira iwe.
5. Wongorora zvechokwadi kuti waisa nzvimbo ina dzese dzechidzidzo.
 - a. Tangisa chidzidzo-mitambo inobatinidza zvidzidzo nezvakasangana nazvo muhupenyu.
 - b. Vape zvinhu zvitsva-pane nzira dzakawanda dzekugovedzana zvinhu zvitsva.
 - c. Ipa vadzidzi zvinhu zvinoenderana nezvavadzidza, mitambo inoita kuti vavandudze nekunzwisisa zvinhu zvitsva kuburikidza nekushanda nevamwe kugadzira chinhu chinhu chitsva kana kuti kushandisa zvitsva izvozvo neimwe nzira.
 - d. Batanidza zvinhu zvitsva izvozvo nehupenyu hwavo-ndonzira yekuzviisa mukati mehupenyu hwavo iyoyo ndozvinovabatsira kuzoisa zvose zvavanenge vadzidza muhupenyu hwavo. Kudzidza tisingaise muhupenyu hapana zvazvinoburitsa kana shanduko inobatsira haibude.
6. Tarira zvidzidzo zvehwaro yevakuru nezvimwe zvinobatsira kudzidzisa zvawakadzidz.
 - a. Ipa tsanangudzo dzekwatirikuenda
 - b. Bvunza mibvunzo yakawanda
 - c. Tenda vadzidzi nekubatirana muhurukuro
 - d. Usaudza vanhu zvavanokwanisa kudzidza nekuona pamwe nekuita
 - e. Umba hwaro hwako panezvinozivikanwa nevanhu kare uye oziva zvavanogona
 - f. Mirira kuti vanhu vapindure

7. Kurudzira munhu wese kuti abatirane, nekugovedzana pahurukuro. Tsvaga nzira dzekukurudzira vanonyara kuti vabatirane nevamwe usingavanyadzise.
8. Namata zuva rose kuti Mwari vakuratidze zvinhu zvitsa kwauri nevadzidzi.

Ungashandise sei bhuku iri remudzidzisi

1. **Donzvo neZvekushandisa:** Chidzidzo chega chega chinotanga nechikamu ichi.
 - a. **Donzvo** – Vadzidzi vanofanira kugona kuita zvinhu izvi pakupera kwechidzidzo chega chega. Zvakakosha kuzvibvunza kuti zvinangwa izvi zvaitika here wapedza kudzidzisa. Tora nguva kudzokorodza pfungwa huru sezvo zvichivabatsira kurangarira.
 - b. **Zvekushandisa**—zvinhu chaizvo zvekushandisa zvakanyorwa pachidzidzo chega chega, zvinosanganisira mabhuku emudzidzi, nezvekuona. Unokwanisa kusarudza kugadzira zvimwe zvemudzidzi wega kana kugadzira zvinongodiwa pachidzidzo chega chega. Tinokurudzira kuti uve nemaposita, chidziro chekunyorerera, nechimwe chekushandisa paboka guru.
2. **Zviziviso kumudzidzisi:** Pane zviziviso zvakakosha pachidzidzo chega chega zvinokubatsira kudzidzisa. Izvi hazvina kugadzirirwa kuti zvigovedzanwe nevadzidzi. Verenga izvi nenguva kuti ukwanise kuzvigadzirira kutungamirira hurukuro nemimwe mitambo. Mimwe mibvunzo ichave nemhinduro yakanyorwa namavara maduku akasiyana nemamwe kukubatsira iwe mudzidzisi kuti uzive zvekutora kubva kuvadzidzi. Hadzingori mhinduro dzakanaka, asi mhinduro dzakanaka.
3. **Kugona kushandisa nguva nezvimwe:** Nguva hadzina kuiswa pazvidzidzo zvega zvega.
 - a. Tora nguva yaunoona kuti inokukwanira kubatsira vanhu kudzidza pfungwa idzi muzvdzidzo. Zvakakosha kuti tive nehanya nezvirikudzidzwa nevanhu kwete kukoshesa kupedza chidzidzo nenguva yakatarwa.
 - b. Rangarira kusiya nguva kuvatungamiriri yekunamata, kugovedzana zvavakaitirwa naMwari, nekukurukura matambudziko pamwe nekugovedzana shoko.

Chidzidzo Chekutanga: Tiri Kushandurwa Here?

Pfungwa huru

1. Kuteerera Mirairo YaMwari kunounza hupenyu nemakomborero. Kusateerera mirairo yake kunounza hurombo.
2. SemaKristu hupenyu hunofanika kunge huchichinjwa apo tinofamba mukuteerera Mwari.

Zvinhu zvinodikanwa

1. Mifanikiso— Fiji Film Cards (11 cards)
2. Mapepa mahombe nemakirayoni

Nhanganyaya

Zviziviso kumudzidzisi: Verenga nyaya dzinotevera.

Nyaya Yekutanga: Rwanda

Rwanda inyika diki ine huwandu hwevanhu hungasvika mamiriyoni 8.2. Zana remakore apfuura minge musina vatendi asi mukunotanga kwema1990s makereke ange ava pose pose: Zvikamu makumi masere neshanu kubva muzana vange vava vanotenda muna Kristu. Zvakatanga nekumutsiridzwa kwakavako kumabvazuva kweAfrica kuma1940s apo mamiriyoni aiponeswa. Muna 1991 ne 1993 magunganoemharidzo akaitwa zvuru nezvuru zvavanhu zvakatendeuka.

Nyangwe zvakadaro, muna Kubvumbi naChivabvu 1994, kuuraya kunotyisa kwakaitika pakafa vanhu 1 miriyoni uye mamiriyoni maviri vakamanikidzwa kutiza muRwanda. Kuuraya kwakavapo nekuda kwekuvengana kwemarudzi. Zvakaitwa vanhu vakatarisana vachishandisa mapanga, pasina mabhomba nepfuti. Munyika yaiva ne85% vaKristu maKristu, vatendi vaviri vaimisikidzana vourayana nemapanga. Nyaya dzinosiririsa dzakaitika hadzingabvumiki. Zvaitozivikanwa kuti vakadzi vaibatwa chibharo vachiurayiwa vana vavo vakatarisa, madzimai achiamnikidza kufushira vana vapenyu. Pasi rose aibvuma kuti mandudzi maviri emakristu vanagavengana kusvika pakadai.



Nyaya yechipiri: USA

Munyika yose yeUSA unoona machechi pose pose. Unogona kuteerera dzangaradzimu yechikristu kana kuona chivhitvhiti kwese kwaungaendemunyika iyi. Mune zvikoro zvinobvumira chikristu munharaunda zhinji, uyewo makoregi nemayunivhesiti. Kune mabhuku echikristu asingaperi, madandemutande ehindaneti, mapepa nemapepanhau zvechikristu. Nyangwe zvakadaro, muUSA vana 1.5 miriyoni vanourawa nekubviswa kwepamuviri. Chidimbu chevaroorana chinoguma charambana. Manhamba aya haasi evanhu vasinganamate kwete. Zvinokatyamadza kuti huwandu hwevanhu vanorambana nevanobvisa pamuviri vari maKristu hwakangofanana nehwevasinganamate.

Nyaya yechitatu: Brazil

Nhraunda dziri munyasi merwizi Amazon dzine hurombe uye dzakasiririra. Nzira chete yekusvika kwavari hunge washandisa chikepe. Makore makumi matatu apfuura kwainge kusina maKristu aizivikanwa munharaunda idzi. Makore makumi matatu apfuura mamishinari vakaenda kunzvimbo idzi vakaparidza vanhu vakaponeswa. Mamishinari aigara mbijana, otanga sangano, vobva vazoenda panharaunda inotevera. Zvino ukaendako unochema nokuti vanhu vemudunhu umu varombo zvikuru. Mumatunhu aya, mhuri hadzina kana zvokudya zvakakwana. Iwe yenzira inoita kuti mhuri dziwane mari



kubhadharisa vanasikana vavo sepfambi vachine makore gumi nemaviri kana matatu. Vana baba vanoita kuti vana ava vatorwe nevapfumi vemunharaunda. Vana baba vechiKristu vanoita zvimwe chetezvo- kubhadharisa vana vavo nechipfambi kuti vawane mari.

- Chii chakaitika munyaya imwe neimwe?
- Nyaya idzi dzinokatyamadza here kana kuti kwete? Sei dzichikatyamadza?
- Unofunga kuti Mwari anonzwa sei nezviitiko izvi? Nemhaka yei?

Nyaya yechina: Dunhu riri pagomo

Kwaive nedunhu diki raiva mumakomo. Yaive nzvimbo yaiva nevanhu varombo munyika iyi vachirarama hupenyu hwejekerere. Vaingovawo nechikafu chekuchengetedza mweya nenyama pamwechete. Vaimirira mvura yekunaya nedenga kuti vagoziva mamirire egore roga roga—pachava nezvakakwana here kana kuti chikafu chichange chisina kukwana? Vainge vasina kana zvimbuzi vachigara mudzimba dzakangodarowo. Havaive vanhu vaisafara asi vanhu vaishanda nesimba muminda, vachitamburira gore negore.

Makore makumi matatu apfuura, mamishinari akatanga kusvika munzvimbo iyi vakavaudza nezvaKristu. Mukuterera nemukunzwisisa shoko vakatanga kutenda vazhinji vavo vakava maKristu. Mamishinari akabatsira vanhu vemunzvimbo kutanga machechi. Vanhu vaiuya kuchechi misi nenguva. Vaifara nokuti vaiziva kuti kana vakafa vaizoenda kudenga uye vaitarisira zuva rakasvoinaka ravaizosangana nemuponesi wavo. a Mamishinari akazobva munzvimbo iyi kereke ikaenderera mberi ichitungamirirwa nevenharaunda. Makore makumi matatu apfuura mamishinari akadzoka. Chechi yainge yakura vanhu vakatsungirira kusangana. Zvakadaro, dunhu raingova sezvaraive sekare. Vainge vachiri varombo zvikuru vachingotarisa denga/mamiriro ekunze kuti vachange vane nzara here kana kuti vachava nechikafu chakakwana gore iroro. Mange musati mave nezvimbuzi munharaunda. Zvishomashoma zvange zvachinja.

- Chii chakaitika munyaya iyi?
- Nyaya iyi inokatyamadza here? Nemhaka yei kana kuti sei isingakatyamadze?
- Chii chakafanana panyaya iyi nedzimwe nyaya dzataona?

Nemamwe mawonero, nyaya yekupedzisira haikatyamadzi kwatiri senhatu dze kutanga nokuti inowanzoitika. Kasi yakangofanana nedzimwe nyaya: chiKristu chaponesa vanhu, asi hachina kushandura mararamire avo. Mwari anoda kuti hupenyu hwedu huve hwakasiyana pano panyika kwete zvekudenga chete.

Mirairo yaMwari

Hurukuro Muboka Guru kana Duku

Verenga Deut. 30:11-20.

- Mwari anotsanangura mirairo yake sei? Yakaoma here kana kuti iri nyore?
- Muvhesi 15 ndedzipi sarudzo dziri pamberi pedu? Ungada chii?
- Chii chinounza hupenyu nemakombero? (v.15-16)
- Chii chinounza rufu nekutukwa? (v.17-18)
- Mwari anoda kuti tisarudze chii? (v.19)

Verenga Deut. 28:1-14.

- Chii chinoitika tikateerera mirairo yaMwari?
- Izvi zvimibiso zvehupenyu hunouya tafa kana kuti muhupenyu hwepano panyika?

Verenga Deut. 28:15-19.

- Chii chinoitika takasateerera mirairo yaMwari?


Mwari akagadzira mirairo yakawanda inotiudza kuti tingarame sei. Kune mitemo yehunhu inotungamirira hunaku hwemunhu. Muenzaniso ndeuyu, “Haikona kuita hupobwe.” Kunewo mitemo yepakusikwa kana kuti yagara iriko inotungamirira zvole zvinowoneka nameso edu. Muenzaniso ndeuyu, zuva rimwe nerimwe rine nguva inoita maawa makumi maviri nemana (24hrs), kana kuti chirimwa chinoda mvura kuti chikure. Apo tinoteerera mirairo yaMwari tinoona hupenyu hwedu huchivandudzwa. Tinofanika kunzwisisa mirairo iyi kana mitemo uye kutanga kuishandisa muhupenyu hwedu. Patinoita izvi, tichaona Mwari achikomborera upenyu hwedu.

Ongorora Bhuku rekutanga

Tarisa Posita rechitatu kubva Mubhuku yekutanga, Chidzidzo chekutanga.

- Ndehupi hukama hwakamirirwa nemufanikiso mumwe nemumwe?
- Mwari ane mirairo kana zviga pane imwe neimwe nzvimbo? Ndeyipi imwe yaungafunga nezvayo?

Mwari ane mirairo yekuti tingaite sei pahukama humwe nehumwe. Akatipa zviga zvinotibatsira kubudirira panzvimbo imwe neimwe iri apa uye kudzoreredza hukama hwakaputsika. Zvechokwadi, hazvizokwenenzereka kusvikira Jesu adzoka zvakare asi vanofanika kuzvivandudza.



Muchidzidzo chakapfuura, takadzidzisa nezveReformation. Munguva iyi vanhu vaiva varombo. Kunze kweavo vashoma vaiva varidzi veminda uye mhuri youshe, rudende rwose vaive varombo vachigara vane nzara.

Mumakore mazana mana apfuura Reformation yakauya kuNorthern Europe. Kekutanga muhupenyu, vanhu vakatanga kuzviverengera Bhaibheri voga. Havana kumirira muprisita kuti azovaudza kuti Bhaibheri rinotii. Vakatangira kudzidza mirairo yepanyika neyehunhu iyo Mwari akaisa mupasi rose rake. Mitemo iyi, mukufamba kwenguva yakatanga kuwedzera kudzidziswa mumachechi nemuzvikoro. Nekuda kwedzidziso iyi, vanhu vakatanga kuchinja— vakatanga kurarama hupenyu hwaienderana nepfungwa dzavainge vachidzidza. Muenzaniso, vakanzwisisa kuti Mwari akati tishande nesimba sekunge tiri kushandira iye kwete vanhu (VaEfeso 6:7). Vakanzwisawo kuti tinofanika kupa nekubatsira vamwe.

Pavaisanduka, nharaunda dzavo dzaisandukawo zvakare. Chikafu chakawanda chakarimwa uye vanhu vakagovedzana zvavaiwana. Mhuri nenharaunda zvakasimbiswa vanhu vazhinji vakaenda kuchikoro kuti vave vakadzidza. Nyika nyenika kuNorthern Europe dzakabuda muhurombo. Nekuteerera mirairo yaMwari nyika dzeNorthern Europe dzakava nehupfumi. Kuramba mirairo yaMwari kunounza hurmbe. Kana tichida kubuda muhurombe tinofanika kutanga kunzwisisa zviga izvi nekuzvirarama.

Takapihwa Bhaibheri rinotipa mirairo yose yaMwari. Tinofanika kuishandisa pahupenyu hwedu hwose. Hazvina kukwana kungouya kuchechi musu weSvondo. Mwari anoda kuti timuteerere nguva dzose. Patichadaro tichaona hupenyu hwedu huchivandudzwa. Hazvirevi kuti hupenyu hwedu huchange hwakapfava nguva dzose. Tikatarisa hupenyu hwaPauro tinoona nguva nenguva achiasangana nezvinorema. Zvakadaro, Mwari akativimbisa kutikomborera tikafamba mukumuteerera. Nyangwe Pauro aigutsikananekuva nemufaro pane zvairema zvaaisangana nazvo.

Kushanduka muFiji

Zviziviso kumudzidzisi: Shandisa makadhi efirimu kutaura pamusoro penyaya yeFiji inotevera.

Paunenge uchiteerera nyaya inotevera, funga kuti ungapindure sei mibvunzo inotevera:

1. Ndedzipi dzimwe nzira vanhu vakatanga kuteerera nadzo Mwari?
2. Ndedzipi dzimwe nzira dzavakaona Mwari achivakomborera?

Mafoto kadhi eFiji

<p>1. Nhanganyaya</p> 	<p>Fiji mubatanidzwa wezvitsuwa mazana matatu nemakumi maviri ane mbiri (322). Inzvimbo yakanaka kuvashanyi uko vanhu vazhinji vane mukurumbira vanoshanya kuzororo. Mari zhinji inobva kuvashanyi. Mune vanhu zvuru mazana masere ane mashanu (850,000) vanogara muFiji. Chikamu chevanhu ava maFijian uye chimwe maIndian.</p>
<p>2. Matambudziko avakaona</p> 	<p>Mumwedzi waChivabvu muna2000, hurumende yakatorwa uye vatungamiriri vehurumende vakapambwa kwemazuva makumi mashanu nematanhatu (56) vakabatirwa pfuti, vasingakwanise kutiza. Mumigwagwa, maive nemhirizhonga uye vanhu vachiurayana. Masoja vachirwisana. Nyangwe pakasunungurwa vatungamiriri vehurumende nyika yakaramba ine kusagadzikana. Vaishanyira nyika vakatanga kusauya naizvozvo vanhu vakashaya wekutengesera zvinhu zvavo.</p>
<p>3. Chechi dzakabatana</p> 	<p>Machechi eFiji aisashanda pamwe chete kana kubatsirana. Pachinhambo chekudaro waitokwikwidzana. Zvino vakaona kuti vaifanika kubatana uye kunamatira nyika pamwe chete. Pavakaita musangano havaiziva kuti pane munhu achauya asi imba yavakasanganira yainge yakazara nevatungamiriri vemachechi. Vakaumba mubatanidzwa: The Association of Christian Churches. Mafundisi akati kumashure vaingozvifunga pachavo chete. Zvino vakaona kuti kana vaizoonza Mwari achikomborera nyika yavo, vaizofanika kushanda pamwe chete.</p>
<p>4. Vakamirira Mutungamiriri wenyika vanoreurura</p> 	<p>Mumwedzi waChikunguru 2001 maKristu enyika yose vakaungana pamwe chete kunamata nekudzidza Bhaibheri. Kwekupedzisira vainge vakamirira mutungamiriri wenyika vaknamata. Akakumbira kuti Mwari vamuregerere uye kuti vamutungamirire kuremekedza Mwari munazvose. Chiitiko ichi chichangoperaoon akava iye mutungamiriri weFiji uye akasarudza vamwe vaitya Mwari kuti vashande vose.</p>
<p>5. Makare anerima</p> 	<p>Mumakare, Fiji yaizivikanwa nehuroyi nekudya vanhu. Vaitoita kuti vanhu vavaida kuzodya vazvitemere huni dzekuti vazogochwa nadzo. Vatungamiriri vezvehuroyi vaifamba pamatombo anopisa vasingatsve. Chinyakare ichi chakasiya chituko mumatunhu. Vanhu vaingofa zvisina tsarukano uye zvaisazivikanwa kuti nemhaka yei.</p>

<p>6. Nyaya yerimwe dunhu</p>  	<p>Rimwe dunhu raiva nembiri yekurima zvodhaka. Shamwari yemumwe mutungamiriri wekutengesa zvodhaka munzvimbo iyi yakarwarwa. Aitya kuti angangofa. Vakanzwa nezvechechi uye vakamuendesa kuti andonamatirwa. Akaporeswa uye akapa hupenyu hwake kuna Jesu. Vanhu vemudunhu pavakanzwa zvange zvaitika vakatanga kutevera Jesu. Vakatanga kuona kuti dhiyabhorosi ainge akavanyepera. Vakasiya zvose zvehuroyi mudunhu iri. Nyangwe aitengesa zvinodhaka akava muKristu akamira kutengesa zvinodhaka. Zvino 80-90% yedunhu iri vave maKristu. Vatungamiriri vedunhu vakafara asi zvange zvisina kukwana. Vakatanga kusangana kunamata kusenzi kwoga kwoga nenguva dzechina (4am). Vakakumbira ruregerero uye vakakumbira Mwari kuti atungamirire dunhu. Zvino vanhu vaigara vachirwara havacharwari. Miti yaisaita michero yava kubereka uye gungwa ratanga kuzara nehove apo kudhara maive neshomanana.</p>
<p>7. Kushandurwa kwemajere</p> 	<p>Vanhu vange vazama hurumende vakaiswa mujere. Majere yaive nzvimbo yaisava netarisiro. Machechi akatanga kuenda kumajere. Pakutanga zvainge zvakaoma. Vanhu vaiva nekuvenga kukuru mukati mavo, uye vaida kudzorera chakaipa. Vainge vasati voda kuregerera. Mwari akafamba uye vasungwa vakava maKristu. Zvino unonzwa vanhu vachiimba nziyo dzekurumbidza Mwari mujere. Ukapfuura nepajere zvinoita kunge uri kupfuura pachechi.</p>
<p>8. Zvimwe zvakashanduka</p> 	<p>Mumaguta mune zvizhinji zvakachinjawo. Machechi aiwungana nguva nenguva kunamatira maguta avo. Vakakumbira Mwari ruregerero pane nzira dzavaibatana nadzo kumashure. Maguta akatanga kushanduka. Kumashure vanhu havaisekerera kasi zvino vainge vosekerera. Pane zvinhu zvadzikira zvinosanganisira kuparwa kwemhosva, hurombo, vanopemha uye vana chenzira. Vana vave kuenda kuchikoro. Hupfumi hwenyika hurikuwedzera uye vashanyi vava kudzoka.</p>
<p>9. Nyaya yerimwe dunhu</p> 	<p>Mune imwe nzvimbo, munge musina hove kwemakore makumi mashanu nemashanu (55) nokuti pane muchetura wanga wakuvadza mvura. Panhivi dzerwizi painge pasina kana zvirimwa. Munhu wose mdunhu akaungana kureurura zvivi zvamdzitateguru uye kutendeuka kubva kuhuroyi. Vakakumbira Mwari kuti avaregerere. Kwemazuva, vaiuya pamberi vachichema. Munhu wose akaunza twunhu twose twehuroyi vachizviparadza. Nokudaro Mwari akaporesa mvura yavo ikazadzwa nehove. Minda yaive padhuze nerwizi yakaporeswa zvakare ikatanga kuita zvirimwa zvakawanda.</p>

Verengai 2 VaKoronike 7:14.

- Vanhu ve2 VaKoronike vakatendeuka kuna Mwari nenzira?
 - *Machechi akashandira pamwe chete*
 - *Machechi akatanga kunamata pamwe chete*
 - *Vanhu vakakumbira ruregererero pazvinhu zvavakaita kudhara*
 - *Vakarasa zvinhu zvaive nechekuita nehuroyi*

- Mwari akaita sei vanhu pavakatendeukira kwaari? Ndedzipi dzimwe nzira Mwari dzaakakomborera nadzo Fiji?
 - *Minda yakaita zvirimwa nechikafu kumashure pazvaisaita*
 - *Gungwa rakava nehove*
 - *Chikafu chemugungwa chakakura kupfuura zvachaive*
 - *Kuparwa kwemhosva kwakava kushoma*
 - *Vana chenzira vakaita vashoma - vakaenda kuzvikoro*
 - *Vanhu vakanyemwerera*
 - *Vashanyi vakadzoka*
 - *Hupfumi hwenyika hwakawedzera*

Mwari akarapa nyika yavo nenzira dzinoshamisa.

- Mwari angaitawo izvi munharaunda yenyu here?
- Vanhu vemuchechi menyu vanofanika kuita sei takatarisa 2 VaKoronike nenyaya dziri muchidzidzo chino?

Ndangariro

Tora nguva kufunga pamusoro pechimwe nechimwe chezvinhu izvi.

- Unosvika papi pakuita zvinhu izvi muhupenyu hwako?
- Ndezvipi zvimwe zvaungange uchiita?

Pazvidzidzo zvishoma zvinotevera tichatirisa paMirairo yaMwari yakawanda. Tozotarisa kuti Satan anotinyepera sei a uye kuzama kuti tirambe tiri muhurombo.

Chidzidzo Chechipiri: Tinofanika kuva Muchengeti wezvisikwa

Pfungwa Huru

1. Mwari akaudza munhu kuti atonge, ashande uye achengete zvisikwa. Uku ndiko kuva nehukama hwakanaka nezvisikwa.
2. Tinoshandisa unyanzvi hwedu kuchengetedza uye kutungamirira zvisikwa, kwete kuzvibata zvisirizvo kana kutongwa nezvisikwa.

Zvishandiswa

1. Mifananidzo Ingabatsire— maviri kana matatu maboka eMakadhi Ekusikwa (18 makadhi/boka rinoda kutsikiswa uye kuchekwa)
2. Makadhi asina chakanyrwa
3. Bhegi remvura
4. Mucheka wekupukuta mvura
5. Bepa hombe rekunyora hurongwa

Nhanganyaya

Zviziviso kumudzidzo: isa bhegi remvura mumba uriise panzvimbo yarisingazokanganise kana chinhu kana mvura yoyerera asi pachiwoneka nevadzidzi vose. Gadzira kaburi kadiki wosiya mvura ichibuda apo uchitanga chidzidzo. Ita kuti buri rikure zvakanakwana zvekuti zvekuti mvura inobuda nekukurumidza kitira vadzidzi vazvione. Tanga chidzidzo wozopedzesa muenzaniso kana pane awona mvura.

Kana pane ataura nezvemvura iri kubuda mubhegi vaudze kuti hapana zवानokwanisa kuita. Regera vadzidzi vaye pfungwa dzavo pane zvingaitwe. Kana pasina apa mufungo wake zvino bvunza, “Hapana here zvaungaite?”

Hurukuro Muboka Guru

- Chii chabva kuitika?
- Mafunga kutii pandati “hapana zvandingaite” kumisa mvura kuti isachururuke?
- Zvii zvaigona kukanganisika kana takasamisa mvura kubuda?

Mwari anotiudza muchikamu chekutanga muBhaibheri kuti tive nehutongi— kana kuva “Bhosi”—yezvisikwa. Muchidzidzo chino, tichaongorora mutsara uyu zvakanakama.

Nyaya


Zviziviso kumudzidzi: Verenga nyaya inotevera kuvadzidzi

MaPokomchi Indians ari pakati pevamwe vanhu varombo mudunhu reGuatemala. Makore makumi matatu apfuura, mamishinari akaparidzira dunhu iri vakatanga machechi. Vazhinji vePokomchi vakagamuchira Jesu, kasi nharaunda dzavo dzakaramba dzine hurombo zvikuru. MaKristu echidiki vakava netariro yehupenyu hwemberi, asi vasina tariro yanhasi. Chokwadi, vaingomirira kufa, kuti vagosiya hupenyu hunosiririsa pakurarama panyika kuti vagova naJesu kudenga.

Izvi zvakanakama kuchinja apo Arturo, mufundisi wechidiki, akatanga kushanda nePokomchi. Akatanga kushanda nemafundisi ePokomchi aisagona kunyora kana kuverenga. Akavadzidzisa Bhaibheri zvakanakama. Pavaiverenga aitsanangura kuti Mwari aida kuti tishandise mirairo nemitemo iyi yeBhaibheri sei muhupenyu hwedu hwezuva nezuva.

Dambudziko raiwanzowanikwa navose vePokomchi kwaiva kushaikwa kwepekuchengetera zvirimwa zvakohwiwa. Nguvazhinji, varimi vezvekudya ava vaikohwa zvirimwa zvakana, zvozodyiwa nemakonzo vana vao vasati vazvidya. Arturo akabvunza varimi, “Ndeupi akangwara, imimi kana makonzo?” Varimi vaiseka vobva vati, “Makonzo.” Arturo akabvunza, “Munotonga makonzo here kana kuti makonzo ndiwo akutotonga hupenyu hwenyu?” Varimi vakabvumirana kuti makonzo aivatonga vose nemhuri dzavo. Aitora chikafu pasina waimamisa kuita izvi. Makonzo kwete vanhu ndiwo aisarudza zvaaida kudya.

Ipapo, Arturo akavaratidza kuti Bhaibheri rinoti varume nevakadzi vanofanika kutonga zvisikwa. Akavarangaridza kuti Mwari akvakomborera nehunyanzvi nokuti vakasikwa nemufananidzo wake. Vaifanika kushandisa hunyanzvi hwavakapiwa naMwari kuteerera murairo wekutungamira zvisikwa, kwete kuregera zvisikwa zvichivatonga.



Vanhu vePokomchi vakaronga kuti vaite sezvaitaura Bhaibheri uye kuti vatange kutonga makonzo. Vakavaka matura aisapindwa nemakonzo. Pakachengetedzwa chikafu kubva kumakonzo vakatanga kuva nechikafu chaikwana mhuri dzavo.

HURUKURO MUBOKA GURU

- Chii chakitika munyaya iyi?
- Chii chatingadzidza munyaya iyi? Tingaishandise sei munzvimbo medu?

Chidzidzo cheBhaibheri

HRUKURO MUBOKA GURU

Verenga Genesi 1:26-28; Genesi 2:15, Mapisarema 24:1.

- Nyika nekuzara kwayo ndeyani? (Mapisarema 24)
- Mwari akaudza vanhu kuti vaite sei nezvisikwa zvake?
 - *Kuitonga*
 - *Kuishanda*
 - *Kuichengetedza*
- Zvinorevei kuti kuichengetedza? Chii chatinoita patinochengetedza chinhu? Tinochengetedza sei zvisikwa zvaMwari?
 - *Patinochengetedza zvinhu tinochidzivirira uye tinotoona kuti chisdambuka kana kupwanyika. Semuenzaniso, tinogona kuita izvi nekusarasa marara pose pose kana kusabvimidza zvisikwa kuti zviurayiwe. Tinofanika zvinhu zvakaita sekutemwa kwemiti yakawandisa zvinozokonzeresa kukukurwa kweivhu rakawanda.*
- Zvinorevei kuti kuishanda? Tingazviite sei izvi?
 - *Patinoishanda tinoita kuti iburiste chimwe chinhu. Zvisikwa zvinofanika kutipa chikafu, runako, nyama nezvimwe zvatingade. Semuenzanise, zvatingade pakuvaka dzimba. Patiri kurima tirikuita zvatakatemerwa naMwari kuti tiite. Tinofanika kunzwa kufara patinorima nokuti tiri kuteerera marwu uyu.*
- Zvinorevei kuti kuitonga (funga nezvenyaya yePokomchi)
 - *Kutonga zvinorevakuva nesimba rekuita zvaunda pachinhu. Semuenzaniso, pabhegi remvura, tinokwanisa kuita zvatinoda pahuwanda hwemvura ingarasike—iyo haina simba kwatiri. Tinofanika kushandisa hunyanzvi hwedu kutonga zvisikwa. Semuenzaniso, zambuko kutonga zvisikwa. Pasina zambuko, rwizi ndirwo runotonga kwatingaende kana kusaenda nenguva yarwo. Kana pane zambuko kana ngarava, tinosarudza kwatingade kuenda. Hakusi kuda*

kwaMwari kuti tinzwe kunge zvisikwa zvine simba pamusoro pedu. Tinofanika kuramba tichikumbira Mwari kuti atipe unyanzvi hwekutonga zvisikwa.

Patinotonga, kushanda uye kuchengetedza zvisikwa tiri kuteerera murawu waMwari waakatipa. Uku ndiko kwatinoti kuva nehukama hwakanaka nezvisikwa. Zvinosiririsa nekuti nekuda kwekuwa, izvi zvaoma pane zvazvaiva patakatanga kupihwa murawu uyu naMwari kasi zvisinei Mwari achiri kuda kuti tivimbike pamurawu uyu.

Hukama hwakanaka nezvisikwa

HURUKURO MUBOKA DUKU (maboka maviri kana matatu)

Zviziviso kumudzidzisi: *Ipa boka roga roga makadhi ekusikwa kubva mubutwa reMifananidzo Ingabatsire uyewo nemakadhi mashoma asina chakanyorwa.*

Tarisa Kadhi reMifananidzo roga roga. Maise mumatutu maviri uchitarisa kuti riri kutaridza hukama hwakanaka nezvisikwa here kana kuti kwete. Zvino chishandisa makadhi asina chakanyorwa kudhirowa mimwe mifananidzo yezviviri izvi kubva kunharaunda dzavo.

Ipa Mhinduro

HURUKURO MUBOKA GURU




Zviziviso kumudzidzisi: *Pavanopedza kushanda mumaboka tarisa kadhi roga roga.*

- Tinoita izvi munharaunda medu here?
- Pamakadhi akanaka, tingaita izvi kakawanda here?
- Pamakadhi akashata, tingarege kuita izvi here?
- Tingaite sei kuti tiwane shanduko iyi?

Pfungwa dzemabasa erudo

Ngatisarudze pfungwa mbiri kana nhatu tigofunga kuti tingaite sei Mabasa Erudo aya.

Makadhi Ekusikwa

Kuchengeta mhuka	Mvura yakachena	Kurima chikafu
		
☺Tamboudzwa kuchengeta mhuka. Tinofanika kudzipa matanga akanaka kuti dzisaunze zvirwere mudzimba. Ndechimwe chikamu chekutonga zvisikwa.	☺Kugadzira matsime nekusefa mvura, kuividza pamoto kana kuisiya pazuva (SODIS) kunobatsira kuti mvura ikwanisike kunwika uye kuti isatirwarise mumiviri yedu.	☺Tinofanika kurima chikafu chatinoda. Ichi chikamu chekushanda ivhu. Gadheni remuriwo inzira yakanaka yekuti mhuri iwane chikafu chine hutano chakawanda.
Kurima	Kuvaka imba	Chimbuzi

		
<p>☺Tinofanika kurima minda yatakapiwa naMwari. Ivhu rinofanika kupa mhuri dzedu chikafu, kwete kutitonga. Tinofanika kudiridzira nenzi dzakasiyana uye kuva nenzi dzekuti ivhu rikorero rigobara zvakanwanda.</p>	<p>☺Tinoda kuwanda zuva nemvura. Kuona kuti tava nedzimba dzakasimba chikamu chekutonga zvisikwa. Hatichataridzwa simba nezuvu kana mvura.</p>	<p>☺Zvimbuzi zvinoderedza zvirwerenekuchengetedza nharaunda yedu ine hutano. Tinofanika kuchengetedza nharaunda yedu toita kuti isatirwarisa.</p>
<p>Kuredza</p> 	<p>Kutema miti</p> 	<p>miteyoyemakonzo</p> 
<p>☺Kuredza ndeimwe nzira yatinokwanisa kupa mhuri dzedu chikafu nayo.</p>	<p>☺Tinofanika kuchenjerera apo tinotema miti nekusima mimwe. Miti chipo chakabva kuna Mwari inodzivirira kukukurwa kweivhu. Tikatema miti tisingarime ivhu rinbva rave jecha risina pundutso.</p>	<p>☺Miteyo yemakonzo inodzikisa huwandu hwemakonzo anodya chikafu chedu. Miteyo haifanike kunge ichinetsa kugadzira. Inogona kugadzirwa netsanga. Tinofanika kutonga zvisikwa kete kurga makonzo achitirwarisa.</p>
<p>Muteyo wenhunzi</p> 	<p>Kuvharira chikafu kubva kunhunzi</p> 	<p>Kurara pasi peneti</p> 
<p>☺ Miteyo yenhunzi ndimwe nzira yekuderedza huwandu hwenhunzi. Takaudzwa kuti titonge zvisikwa uye kudzikisa huwandu hwenhudzi ndeimwe nzira yekutonga.</p>	<p>☺ Tinofanika kudzivirira mhuri dzedu kuurwere hunotakurwa nenhunzi nekugara chikafu chakavharwa.</p>	<p>☺ Kurara pasi peneti yehutunga zvinoita kuti tisawane marariya kana zvimwe zvirwere zvinotakurwa nehutunga.</p>

<p>Marara</p> 	<p>Gwenga/ munda usingarimiki</p> 	<p>Kuchera tsime</p> 
<p>☹ Mwari akati tichengete nharaunda yedu. Zvoreva tiichengete yakanaka kuti ikudze Mwari. Hatifaniki kudonhedza marara pasi asi kumaiza mumabhini.</p>	<p>☹ Tinofanira kutsvaga nzira yekuchinja munda isina pundutso kuva inorimika nenzira dzinenge kudiridzira kana kushandisa murakwani.</p>	<p>☹ Matsime inzira yekuwana mvura yepasi yatakapihwa naMwari. Mvura yemumugodhi inotbatsira kugara takachena uye tine hutano.</p>
<p>Growing vegetables</p> 	<p>Mhuka dziri mumba</p> 	<p>Makonzo ari kudya chikafu</p> 
<p>☹ Kurima muriwo ndeimwe nzira yatinokwaisa kuriritira mhuri.</p>	<p>☹ Mhuka hadzisi kufanika kumbosvika padhuze nechikafu chedu. Dzinotakura zvirwere. We need to control our animals and create pens for them.</p>	<p>☹ Makonzo anoparadzira zvirwere achidya chikafu chatinoda. Tinofanika kudzivirira chikafu kumakonzo, uye toshandisa zvinhu zvakaita semiteyo kudzora huwandu hwemakonzo munzvimbo dzedu</p>

Dzokorodzo

Hurukuro Muboka Guru

Pane zvinhu Genesi inotiudza kuti tiite uye kutevedzera pamitongo yaMwari kuti tichengetedze zvisikwa zvake.

1. Zvichengetedzei
2. Ishandeyi
3. Itungamirireyi

Izvi ndizvo zvinoreva kuva nehukama hwakanaka nezvisikwa. Nokuti takasikwa nemufananidzo waMwari, tinofanika kushandisa unyanzvi kuchengetedza zvisikwa zvedu. Tinogona kukumbira Mwari kuti atipe pfungwa nehungwaru hwatingade.

Ndangariro

Ndeipi nzira imwe chete yaungachengetedze uye kutungamira zvisikwa zvaMwari munharaunda yenyu pavhiki riri kutevera?

Chidzidzo Chechitatu: Tinokwanisa kushandura ramangwana

Pfungwa Huru

1. Mwari haana kuda kuti tisava vanhu vasingachinje. Ane chinangwa nehupenyu hwedu uye anoda kuti tikure nekuti upnyu hwedu huvandudzwe.
2. Tinogona kuva vanhu vanounza shanduko kune vamwe (saJesus uyevo amai Lee). Nyangwe mumwechete anotevera Mwari nomoyo wose anogona kudzivirira kuparadzwa kweguta rose.

Zvingashandiswa


1. Mifananidzo Ingabatsira—Mufananidzo wemhuri yaMisery
2. Mifananidzo Ingabatsira—Mapikicha kadhi aJesus nerufu – makadhi masere
3. Mifananidzo Ingabatsira—Mapikicha kadhi amai Lee – makadhi matatu

Nhanganyaya

HURUKURO MUBHKA GURU

Zviziviso kumudzidzisi: Taridza pikichayemhuri — yaMisery wobva wabvunza kirasi:

- Unofunga here kuti mhuri iyi yakachinja mumwedzi mitanhatu yapfuura?
- Unofunga yakachinja mugore rapfuura?
- Unofunga inichinja mumwedzi uchauya?
- Unofunga ichachinja mumwedzi mitanhatu ichauya?
- Unofunga mhuri iyi ichachinja mugore rinotevera?



Kana mhinduro iri KWETE kumibvunzo yose, zvino bvunza nemhaka yei? Vakapindura HONGU zvino bvunza kuti kuchinja uku kuchauya sei?

Verenga zvakare mavhesi ari muchidzidzo chekutanga – Deut 28:1-14.

- Mwari anoda kutikomborera nenzira dzipi?
- Mavhesi aya anopindirana here nemhuri iri mupikicha iyi?

Verenga Jeremiya 29:11

- Mwari ane hurongwa hwakaita sei nehupenyu hwedu?
- Mavhesi aya anotaura here nezvemhuri iri mupikicha? Nemhakaye achiita kana kuti asingaite?

HURUKURO MUBOKA DUKU

Dhirowa imwe pikicha yemhuri iyi sezingadiwa naMwari kuti igova.

Kuita Zvakasiyana

HURUKURO MUBOKA GURU

Zviziviso kumudzidzisi: Matauriro ari panyasi anozivikanwa zvikuru – ungada kusarudza zvitauro zvinoenderana nekwenyu.

“Mwana wamambo achava mambo, mwana wemonki achavawo monki.”

“Rwizi pane parwakatetepa uye parwakafaranuka, ndizvowo nehupenyu hwevanhu.”

“Chikafu chekudya chakakwana chinonetsa, asi kuva mupfumi zviri nyore.”

- Zviturwa izvi zvinorevei?
- Unozivawo here zviturwa zvakaizvi zvinoreva zvakaifanana nezviri apa?
- Ndechipi chiturwa chaunopindirana nacho?
- Ndechipi chiturwa, kana chiripo, chiri chokwadi takatarisa Bhaibheri?

Jeremiya 5:1

- Mwari aitsvaga vanhu vangani?
- Chii chaizoitika kana awana munhu uyu?

Ezekieri 22:30

- Vanhu vangani vaitsvagwa naMwari?
- Chii chaizoitika apo Mwari aiwana munhu uyu?
- Chii chaizoitika akasamuwana munhu uyu?

Taktarisa Bhaibheri, nyangwe munhu mumwe chete anotevera Mwari nemoyo wose anokwanisa kuponesa guta rose kubva mukuparadzwa.

Kuva munhu anonunza shanduko

HURUKURO MUBOKA GURU

Verenga Ruka 7:11-17

Nyaya iyi inoitika apo Jesu nevadzidzi vake vanosangana nechirikadzi parufu rwemwanakomana wayo ivo vachitopfuura nepagedhi reguta. Vadzidzi vaJesu vari kufara nekuti vachangobva kuona munana. Chirikadzi nemhomho yeparufu vari kuchema.

- Chii chakaitika munyaya iyi?

Zviziviso kumudzidzisi: *Shandisa makadhi masere aJesu neRufu kubva kuMifananidzo Ingabatsire kutarisa zvakare zvinhu zvisere zvatingadzidze kunayaya iyi yemunhu anonunza shanduko.*

Pane zvinhu zviser zvakaitwa naJesu kuti ave munhu anonunza shanduko. Ngationeyi kuti ndezvipi:

1. **Jesu akamuona.** Maive nevanhu vakawanda muchauunga. Vadzidzi vaJesu vaifara nemunana wavainge vachangobva kuona. Nyangwe zvakaizvi, Jesu akaona mukadzi uyu mukati mechauunga. Kana tiri vanhu vachauunga shanduko tinofanika kuva vanhu vanotarisa vamwe. Tinofanika kuona dungamunhu, kwete hauunga chete.
2. **“Moyo wake wakaenda kwaari.”** Kana tichida kuunga shanduko, tinofanika kunzwa tsitsi. Tinofanika kuva vanhu vane moyo inoputsika apo tinoona zvingange zvichidiwa nevamwe. Nguva zhinji tinomira kuona uye tomira kuva nehanya. Tinoita sei takaona ane zvaanoda kana zvakashota paari munharaunda dzedu? Tinoita sei takaona amai vasiirwa mhuri iye murume atiza zvake, kana harahwa yasiwa ichichengeta twuvana twudiki? Tinonzwa tsitsi here? Kumbira Mwari akwedzere rudo panharaunda yako. Mukumbire kuti akuratidze vanhu munharaunda semaonero aanovaita iye Mwari.
3. **Akamupa manzwi ekurudzira.** Nguva zhinji vanhu vanoda anovaridza rudo nekukurudzira. Zviri nyore kufunga kuti tinoda zvinhu kuti tinyatsobatsira vanhu asi nguva zhinji avo vanoda rubatsiro vanongoda munhu achafamba navo nekuvakurudzira.
4. **Jesu akabata kofini.** Pakaita Jesu izvi akaita zvaisadiwa pamagariro erudzi rwekwake. MaJudah aibvumira kuti haufanike kubata kofini nyangwe zvadii, nokuti ukaita izvi hausisina kuchena. Jesu aida kuva munhu akasviba kuti abatsire munhu. Tinofanika kutora nhanho dzine njodzi uye dzinosvibisa kuti tibatsire

vanhu. Vanhuvanogona kutaura nezvedu kana kusabvumirana nesu asi tinofanika kuita izvo Mwari akatidanira kuti tiiite.

5. **Mune samba mushoko raMwari nemukunamata.** Jesu paakanamata munhu akamutswa kubva kavafi. Haikona kukanganwa kunamata pazvinhu zvose zvaungatarisana nazvo. Tora nguva kunamatira vanhu. Ita izvi uchivimba kuti Mwari anoshandura mamiriro ezvinhu uye kuti ane hanya nezvingadiwa zvose nemunhu. Dzidzisa vanhu kunamata kuti vagoziva samba raMwari.
6. **Pakava nemhinduro.** Mwanakomana akamutswa kubva kuvafi. Tinofanika kuva nepundutso kubva pabasa redu. Kana uchida kubatsira, tanga nezvinhu zvidiki zvingaitika nyore. Kana wabudirira, vanhu vanobva vafara vobva vadawo kuita basa. Pekupedzisira munozokwanisa kuita mabasa akati womeyi.
7. **Jesu akadzorera mwana kuna amai vake.** Amai ndivo vakava gamba; ndivo vakataura zvose. Akava munhu akakosha. Paunobatsira vanhu, tinofanika kunyatsoona kuti hatitore humbimbindoga tova tisu takatariswa; kwete. Rega munhu wawabatsira awane umhare apo vanoudza vamwe nyaya dzaitika. Zvinovapa udzamu pane kuti iwe utore mbiri yose.
8. **Mwari akakudzwa.** Pekupedzesera, mbiri yose ngayiende kuna Mwari. Nguva dzose wona kuti panopera zvinhu zvose Mwari ndivo vari kurumbidzwa.

Zviziviso kumudzidzisi: *Ongorora zvakare nyaya dzaamai Lee kubva mubhuku rekutanga*

Mai Lee mukadzi chaiye anorarama muAsia. Anoshuvivira kubatsira mhuri dzine hurombo munharaunda yake, zvikuru sei avo vasingashande. Anotanga kushanyira dzimwe mhuri idzi mwedzi wega wega achitsvaga nzira dzekuti vararame nadzo. Panoapa pane nyaya nhatu dzekubatsira kwake mhuri. **Nyaya idzi dzose ndedzechokwadi.**

Nyaya yokutanga – Mai Lee ne munda wemaruva

Munzvimbo yaaigara, makange mune mhuri yaiva nehurombo ine vana vaviri. Vose mai nababa vakanga vasina mabasa. Mai lee vakapfuura nepamba pavo vakaona pane kanzvimbo kadiki pamba pavo pamberi pemba yavo kane ivhu rakanaka. “Vakati sei musina kudyara kana maruva,” vakabvunza. Munokwanisa kuita imba yenyu iratidzike uye kana kuzotengesa mamwe acho kumusika uripedyo.”

Mai vemhuri vakangoita saizvozvo, vobva vatanga kutengesa maruva avenenge vadyara pamba pavo. Pasina chinguva vakatanga kuona kuti vatengi vakatanga kuda mamwe maruva akasiyana siyana, asi vakanga vaine kanzvimbo kadiki uye vakanga vasisakwanise kudyara mamwe maruva. Asi mai ava vakatanga kutenga mamwe maruva akasiyana siyana kubva kune vamwe varimi vachimatengesa kuti vawane imwe mari pamusoro. Iyevino vakanga vane kanzvimbo kavo pamusika pekutengesera maruva avo, vakafunga vari vega zvavo, “vakati ndokwanisa kutengesa zvimwe zvinhuka ini!” Vaimuka mangwanani oga oga vachinotenga mabanana nenzungu vachinotengesa pamusika pavo pamaruva.



Nyaya yechipiri- Mai Lee nembambaira


Imwe mhuri yaida rubatsiro yaida basa, asi vakanga vasingazive zvokuita. Vaiita basa sevanhu varanda, asi vakanga vasingakwanisi kuwana basa. Mai Lee vaizviona zvavo kuti mhuri ndeyevanhu vanoshanda uye vaida basa, mumwe musu wakashanyira imwe mhuri yekukereke yairima mbambaira. Akavabvunza kuti kurima



mbambaira kune mari here, uye akabvunza kuti kwekutengesera kuriko here, uye zvingadiwa kutanga kurima mbambaira. Paakaziva kuti ibasa rakanaka, akatsanangurira mhuri iya kuti Mwari akatidanira kuti tide vavakidzani vedu uye kutarira nekubatsira vanoshaiwa. Akavakumbira kuti kana vachikwanisa vadzidzise varombo kuva varimi makumi matatu nemashanu (35). vembambaira. Vakabvuma. Mai Lee vakabva vasanganisa mhuri mbiri dziya. Mhuri yevanombo yakafara kuti iyezvino vakange vave kuzova nezvekuita vakakurumidza kutsvaka kanzvimbo kemunda kadiki nezvinhu zvose zvaidiwa kuti vatange. Pakupera kwegore, vakava negohwo rakanaka, vakakwanisa kubhadhara muripo wemunda wavaishandisa, mari yembewu, uye vachisara neimwe pamusoro yemhuri yavo.

Nyaya yetatu – Mai Lee nekubatanidza mhuri

Mhuri yechitatu, Mai lee yavaida kubatsira yakanga yakapatsanurwa navabereki vavo. Vabereki waitenda kuti mhuri iyi haina basa uyezve hapana kana chavanobatsira nacho. Mai Lee vakasangana nemhuri iya vachida kuedza kubatanidza mhuri mbiri idzi. Mai Lee vakazvipira uye vakazvirovedzera kuti vaizosangana nguva nenguva kuti vabatsire mhuri iya kuumba hukama kana vabereki vazvipira uye kana vachida kutambira mhuri iya zvakare uye nekuvabatsira zvisoma. Zvisenei vabereki vakabvuma kuvimba nekutenda mwana wavo zvakare vakabvuma kumukweretesa kamari kashoma kuti akwanise kutanga basa rake remasimbi. Iyezvino anotenga masimbi asisina basa akamboshandiswa omatengesa kune vanoda kugadzira zvinhu zvakare. Iyezvino akukwanisa kutsigira nekuriritira mhuri yake, uye akuzviona semunhu anechiremera.



HURUKURO MUBOKA GURU

- Mai Lee vari kuunza seishanduko munharaunda yavo?
- Wakambovawo nemukana saMai Lee munharaunda yako? Chii chawakaita?
- Inzira dzipi dzinoshandiswa naMai Lee kuti vave munhu anonunza shanduko sezvakaitwa naJesu aive nemwanakomana aive afa?
 - *Anoona vanhu. Anosarudza mhuri otanga kudzishanyira.*
 - *Akavanzwira titsi. Ane shungu dzekuvabatsira.*
 - *Anovakurudzira.*
 - *Ane hushingi uye anoda kushanda nesimba. Haangokurudzira vanhu chete, anotsvaga nzira dzekuvabatsira.*
 - *Nyangwe nyaya idzi dzisingazvitaure tinova nechokwadi kuti vakanamata.*
 - *Pakava nemhinduro.*
 - *Akasiya vanhu vachienderera mberi voga. Ivo ndivo vakashanda mumisika, nekurima minda kwete amai Lee.*
 - *Mwari akapiwa rumbidzo. Hazvina kutaurwa munyaya idzi asi vamwe vakatendeuka.*

- Tingadzidzei kuna amai Lee?

Zviziviso kumudzidzisi: Kana boka rapa mhinduro, dzokorodzai mamhoindi aya.

Zvidzidzo zvatingadzidze kubva kunamai Lee:

- Tinofanika kuva nemoyo yekubatsira vanhu uye kutorasikirwa nenguva mukuita izvi.
- Tinofanika kuvaka hukama nevanhu vemunharaunda vanoda rubatsiro. Tinofanika kuvashashira nguva dzose kuti vanhu vagovimba nesu.
- Tinofanika kuteerera vanhu. Vanhu vazhinji vari mumatambudziko vanongoda kuziva kuti vanhu vane hanya nerudo navo. Vakanzwa izvi vanozoteerera rairo dzatingavapa. Tinofanika kuona kuti hatina mufungowe wekutongesa vamwe asi mufungo nekuita kwekuda kubatsira nemoyo wose. Vanhu vakanzwa kunge uri kuvatongesa nguva zhinji havazogoverana newe nyaya dzavo.

- Tinofanika kuunza pfungwa dzekubatsira vanhu nenzira itsva dzavangaita zvinhu. Kazhinji vanhu havazive kuti vangashandura hupenyu hwavo sei. Varombo vanowananzofunga kuti mamiriro ezvinhu haazoshanduki vobva vakurumidza kuregera kuzama kuva nehupenyu huri nane. Vanoda munhu anofamba navo mukushanda achivapa pfungwa dzekuti vangashandure sei hupenyu hwavo.
- Tinofanika kuda kushanda kuitira hurongwa huitike. Mai Lee vakatenga mbeu yekutanga uye vakatanga kurima nemadzimai. Haana kungovaudza zvekuita. Akatsvaga munhu aida kudzidzisa mhuri kurima mbambaira uye vakavabatsira kutsvaga munda wavaizoshandisa. Munyaya yechitatu akaenda kumhuri akataurirana nayo. Haana kungoudza vanhu zvokuita; aivabatsira kuti vatange.
- Bvuma kutanga nepaduku. Hadzisi dzose pfungwa dzinounza shanduko huru senyaya iyi. Dzimwe nguva tinofanika kushanda nhanho nenhanho uye zuva nezuva kubatsira vanhu. Haikona kutarisira vanhu vose vashunduke zvikuru nekukurumidza. Vapei nhanho dziri nyore dzekutanga nadzo idzo vanokwanisa kupedza uye vanzwe kubudirira. Kana vanhu vachinge vambobudirira pachinhu chidiki vanozoda zvakananyanya kutanga chimwe chihombe.
- Kushanduka kunotora nguva. Nyaya iyi yakaitika munguva yakareba.

Boka Rekubatsira

Dzimwe dzenguva zvakaoma kufunga pfungwa dzekubatsira vanhu. Imwe nzira yekukwanisa nepfungwa dzakawanda ndeyekutanga boka rinobatsira. Iri rinogona kuva boka revanhu vanouya pamwe chete kamwe chete pasvondo nokuti vane havi yekubatsira vanhu. Vanogona pamwe chete kunamatira vanhu vavari kubatsira uye vozogovedzana pfungwa dzepavaona panoda shanduko. Pamwechete boka rinokwanisa kufunga pfungwa dzakawanda kudarika zvingaitwa nedungamunhu. Haikona kukanganwa kukumbira Mwari kuti vatipe huchenjeri.

HURUKURO MUBOKA DUKU

Funga nezvemufananidzo wemhuri kwekutanga kwechidzidzo. Funga nzira dzatingavabatsira kushandura magariro avo kuti vave nemufananidzo wavanotarisirwa kuti vararame naMwari.

Mhendero

HURUKURO MUBOKA GURU

Verenga Mapisarema 139:14-17

Dzimwe dzenguva zviri nyore kutenda kuti hupenyu hwedu hwakare hunotonga ramangwana redu. Kana takazvarwa tiri varombo ticharamba tiri varombo; kana mhuri yedu iri yevarimi zvino ticharamba tiri varimi. Nyangwe zvakadaro, Mwari ane chinangwa nehupenyu hwedu. Wakazvarwa zvakanangurika uye Mwari akakupa zvipo uye unhu hwaanoda kuti uve nahwo akakuisa mumhuri yaaida kuti uzvarwe. Anoda kuti ushandise zvaakakupa kuti uunze shanduko. Mumwe nemumwe wedu anofanika kuunza shanduko kuzvinhu zvose zvaunosangana nazvo, kunyangwe mumhuri, nevamwe vanhu, kana kuti kunharaunda. Mwari anogona kukudana kuti uwunze shanduko muchechi menyu, mudunhu rako, kana munyika mako chaimo.

Ndangariro Nepazvingashandiswe

Rangarira nekunamata nezvemibvunzo miviri iyi:

- Upenyu hwako huri sei? Unobvuma here kuti Mwari anogona kushandura ramangwana rako? Namata kuti Mwari akuratidze mashundurire aungaita ramangwana rako.
- Tora chinguva kufunga nezvemunhu waunogona kutanga kubatsira. Ungada here kuva mumwe wevanhu veboka rinobatsira?

Zviziviso kumudzidzisi: Kana boka rava nenguva yekunamata, bvunza vangada kuva muboka rekubatsira vazosangana newe pamunotura mafemo. Vabatsirei vapinde muzvikwata zvevanhu vana kusvika pavasere

movakurudzira kuti varonge pavachazosangana. Tsanangura pamusangano wavo wekutanga kuti vanofanika kusarudza mumwe munhu wawangabatsira. Tangai nekungoshanyira vanhu ava. Namatiranai kuti Mwari akubatsirei apo munoshanya. Pamusangano wechipiri tsanangura kuti kwamakashanya kwakafamba sei mopanana pamungade pfungwa dzekuti mungabatsire sei. Seboka, kumbirai huchenjeri kuna Mwari nekushandisa hunyanzvi hwaakakupayi kufunga nzira dzamungabatsira nadzo. Rangarira, haikona kuzama kuda kuita zvose munguva imwe chete. Sarudza paduku paunogona kutanga kubatsira napo.

Chidzidzo chechina: Mwari akatipa zvizhinji

Pfungwa Huru

1. Nzwisisa zvose zvatakapiwa naMwari
2. Zvemukati-zvekusikwa nazvo nezvemweya zvatina zvo zvakakosha kupinda zvekusikwa- zvekunze zviwanikwa.

Zvekushandisa

1. Chinyorwa chemutambo
2. Mifananidzo Ingabatsire—2-5 mapoka akachekwa; Makadhi ezviwanikwa (24 makadhi ari pamwe chete)

Nhanganyaya

CHIITIKO MUBOKA GURU – NHAURIRANO MUMUNHU

Zviziviso kumudzidzi: *Pamberi pekirasi kumbira munhu mumwechete kugadzirira kuverenga nhaurirano yepfungwa dzemunhu.*

Mutendi ari kuva nenguva kuverenga nekunamata kuna Matt. 25: 14-30. Obva ati,

“Ndinoshuvira dai ndaiva semuranda akapiwa matarenda mashanu kuti ndizoita zvinhu zvikuru kuna Mwari! Kasi ndinonzwira hurombo muranda akapiwa tarenda rimwe... ndinofunga Mwari akanyanyomuomesera! Haiwa, iyi haisi nyaya yangu nokuti handifunge kuti ndine tarenda kana chipo chekushandira Mwari kana kumushumira! Uyezve, ndiri murombo zvikuru!!! Chokwadi ndechekuti handikwanise kubatsira kana munhu nekuti ini wacho ndine zvandinoda zvakanwanda. Oh Ishe, zveshuwa ndibatsirei uye ndipeiwo matarenda mashoma ekushandisa ...”

- Waona chii mumutambo uyu?
- Mutendi murombo akati chii?
- Maonero ake ndechekwadi here?
- Sei akafunga seizvi?

Zvidzidzo ZveBhaibheri

HURUKURO MUBOKA DUKU

Verenga Mateo 25:14-30

Mavhesi 16-18

- Varanda vakaita sei nematarenda avo?
- Unokwanisa kuzvifananidza nevaranda here vakashandisa matarenda kana kuti akahwandisa tarenda?

Mavhesi 19-23

- Ishe wevaranda akaita sei paakadzoka?
- Akati chii kune vanga vawedzera matarenda avo?

Mavhesi 24-28

- Dambudziko reuyo akahwandisa tarenda raiva rei?
- Ishe wevaranda akati chii kwaari?
- Unofunga kuti vatendi vazhinji havashandise matarenda avo nemhaka yei?
- Tingaitawo sei?

DZORAI MHINDURO

Kusiya Zvipomero zvedu

CHIITIKO MUBOKA GURU- MUTAMBO

Zviziviso kumudzidzi: Kumbira vanoda vashanu. Ita kuti mumwe nemumwe anoda averenge chipomero chinozivikanwa.

Munhu akwegura = “Oh, ndinoshuvira ndichiri wechidiki. Zvino ndaizova nesimba rekushumira Ishe nematarenda angu. Zvino ndaneta nekuchembera.”

Munhu Wechidiki = “Oh, ndinoshuvira dai ndakura. Ipapo ndingave nesimba uye ndaizotungamirira vanhu kushumira Ishe nematarenda angu. Zvakaomesa iye zvinoright now, nokuti ndichiri mudikisa.”

Muzvinabhuzimusi “Oh, dai ndaiva nenguva. Ndakanyanyobotikana kubasa zvekuti handina nguva yekubatsira vamwe.”

Munhu asina kudzidza “Oh, dai ndainge ndakafunda. Hapana kana chandoziva pazvidzidzo zvebhaibheri. Mufundisi chete ndiye angakwanise kubatsira vamwe nekuti akaita zvidzidzo zveBhaibherei akazvifundira.”

Munhu murombo “Oh, dai ndaiva nemari yakawanda. Apa ndaizoshandira Mwari. Parizvino ndine hurombe hwakanyanya kuti ndikwanise kubatsira mumwe munhu kunze kwekuzvitarisa chete.”

Hurukuro Muboka Duku

- Ndechipi chipomero chawakamboshandisa?
- Ndechipi chipomero chaunowanonzwa vamwe vachishandisa muchechi menyu?
- Ndechipi chipomero chakashandiswa nemuranda wekuhwindisa tarenda?
- Chipomero ichi chakagamuchirika here kuna Ishe wavaranda?
- Unofunga here kuti zvipomero zvinogamuchirika kuna Mwari?
- Tingaite sei kuti tikunde zvipomero izvi?

Tinofanika kutanga kuona izvo zvose takapiwa naMwari

HURUKURO MUBOKA GURU

Nguva zhinji tinoteerera manyepo aSatani uye totenda kuti hapana chatinacho. Tinozvienzanisa nevamwe uye tongoona chete zvatisina. Nhasi tichatarisa zvakare tichiona zvose zvatakapihwa naMwari.

Kutibatsira kuti tinyatsofunga zvakajeka tichatarisa kupatsanurwa kutatu – Zviwanikwa – Zvemukati; Zviwanikwa – Zvekunze; Zvemweya.

1. **Zviwanikwa – Zvemukati** zvinoreva zvipo zvose uye kugoneswa kwese kwatakapihwa naMwari. Semuenzaniso: kukwanisa kutaura, kukwanisa kuita sarudzo, kukwanisa kubika chikafu, kukwanisa kugadzira moto...
2. **Zviwanikwa – Zvekunze** zvinoreva zviwanikwa zvose zvatakapihwa naMwari munharaunda yedu. Semuenzaniso: mvura, minda, zuva, zvikoro, etc.
3. **Zvemweya** zvinoreva zvinhu zvose zvatinazvo nokuda kwehukama hwatinahwo naMwari. Semuenzaniso: minana, minamoto, Simba raMwari, etc.

Zviziviso kumudzidzi: Wona kuti kirasi inonzwisisa pachena musiyano uri pakati zvasiyaniswa zvitatu izvi usati waita chiito chinotevera.

CHIITIKO MUBOKA DUKU

Zviziviso kumudzidzi: Patsanura kirasi mumapoka uye vape maseti maviri eMifananidzo Ingabatsire– Makadhi ezviwanikwa

Boka roga roga rinofanira:

Kuisa Makadhi eZviwanikwa mumapoka maviri:

1. Zviwanikwa zvatinaivo munharaunda
 2. Zviwanikwa zvatisina munharaunda
- Funga zvimwe zvinhu zvishanu zvamunazvo munharaunda. Zvinyore pamakadhi. (Varangaridze kufunga mhando nhatu dzezviwanikwa sekukurukura kwatamboita.) Pane boka rine zviwanikwa zvole zviri “hatina” chinhu here?

Nyangwe zvazvo zviri nyore kuona kunge hapana zvatinaivo, chokwadi ndechekuti Mwari akatikomborera. Akatipa zvishinjisa. Pane kufunga zvatisina, tinofanika kushandisa zvatakapiwa naMwari.

Verengazve Mateo 25:20-23.

- Chii chinotika takashandisa zvatakapiwa naMwari?
- Tiri kushandisa zvole here zvatakapiwa naMwari?
- Tingava nane sei mukushandisa zvole zvatakapiwa naMwari?

Varimi

HURUKURO MUBOKA GURU

Tsvagurudzo inotaridza kuti zviwanikwa zvatinaivo mukati medu nguvashinji zvakakosha kupinda zviwanikwa zvatinaivo zvepanyika. SemaKristu tinoonawo kuti zviwanikwa zveuweya zvakakosha nokuti zvinowedzera kakapetwa zviwanikwa zvepanyika.

Verenga Nyaya Inotevera

KuConstanza, chitsuwa chiri kuCaribbean, ivhu reko rakakorera. Kune mvura yakawanda uye mamirire ekunze akanaka panyaya dzekurima.

Pakapera Hondo Yechipiri Yepasi rose, maJapanese waitiza kuoma kwehupenyu muJapan vakauya munzvimbo iyi. Pavakasvika vanga vasina kana chinhu, kunze kwehembe dzavainge vakapfeka. Vairarama nevanhu venzvimbo uye vairima navo pamwechete. Mapoka maviri aya vaiva varombo uye waitamburira kurarama.

Kwapera makore makumi maviri varimi vechiJapanese vange vave vapfumi. Vainge vava nedzimba hombe dzakanaka. Zvichakadaro, varimi venharaunda vanga vachiri varombo vachitamburira kurima zvingavakwanire kudya.

- Sei izvi zvaitika?
- Chii chaitika?



Maboka maviri aiva nezviwanikwa zvekusikwa zvakafanana; zviwanikwa - zvekunze. Musiyano waiva mumafungiro – zviwanikwa zveumukati.

MaJapanese aibvumira kuti unofanika kushanda nesimba nguva dzose chero zvinhu zvakaoma haufanike kusiya. Varimi vemo vaibvumira kuti hupenyu hwavo hawaizombochinja. Vaibvumira kuti sezvo madzitateguru avo aiva varombo ivo vaizongovawo varombo. Painge pakaoma zvinhu hapana zvavaiita nekuti vaibvumira kuti ndiwo magumo avo.

- Mafungiro aiita vanhu ainge akakosha zvadiyi? “Kufunga” kuri muchikamu chipi chezviwanikwa?
- Tingadzidza chii kubva munyaya iyi?
- Ndechipi chimwe chinhu chatingaite zvakasiyana nekuda kwenyaya iyi?

Zviziviso kumudzidzisi: Batsira kirasi kuti inzwisise kuti waiva munda umwechete. Musiyano waiva pane zvavaitenda nemafungiro avo. MaJapanese vange vasina zviwanikwa zvekusikwa – zvekunze asi zvakafanana nevarimi vemo. Chaibatsira maJapanese zvaiva zviwanikwa zvekusikwa– zveumukati. Tinogona kuvawo nezviwanikwa zvekusikwa- zveumukati takashandisa shoko raMwari kutungamira mafungiro nezvatinotenda.

Chidzidzo chechishanu: Satan Munyepi

Pfungwa Huru

1. Satan anonyepa nyanwe pachinhanho chehwaro hwezvatinotendatenda mazviri zvinhu zvakaita sebasa, tariro, munhu, kusikwa, etc.—manyepo ake anoita kuti tirambe tiri muhurombe.
2. Semakristu tinofanika kuziva chokwadi nokuti chokwadi chichatidzikunura.
3. Mwari akatidana kuti tivhangere nekudzidzisa marudzidi, zvinosanganisira kuunza chokwadi panzvimbo dzose dzeupenyu.

Zvatinoshandisa

1. Mifanikiso inobatsira— Makadhi emanyepo - 8

Nhanganyaya

Hurukuro Muboka Guru

Verenga Johani 8:44

- Vhesi iri rinotsanangura dhibhorosi sei?
- Ndeapi mamwe manyepo anogona kutaurwa naSatan?
- Manyepo aSatan anotibatawo here nhasi uno?

Satan ndiye baba wemanyepo. Kubvira pakutanga akanyepa uye anoramba achinyepa nanhasi uno. Anoda tive varombo uye tive nenzara. Anoziva tikatevedzera murawu yaMwari tinozokomborerwa. Haadi kuti izvi zviitike saka anotiudza manyepo.

Satani anotiudza manyepo akaita sei?

HURUKURO MUBOKA GURU

Satani anotinyepera nenzira dzakawanda. Nhasi tichatarisisa dzimwe dzenzira dzaanotidza kuti tirambe tiri varombo.

Zviziviso kumudzidzisi: tarisa kadhi rimwe nerimwe rinotevera (Mifananidzo Ingabatsire). Wona kuti vadzidzi vanzwisisa manyepo. Haikona kuita nurukuro yechokwadi parizvino.

Manyepo atinoudzwa nasatan

Basa kutukwa uye mutoro wakarema. Zvakana kushanda zvishomanana.








Chokwadi chaMwari

Takasikirwa kushanda. Adama akashanda asati awa. Ndiwo unhu hwedu uye nzira yatingarumbidza Mwari nayo.


Takazvarwa tiri varombo tichafa takadero.



Mwari achatikomborera kana tichimuteerera.

<p>Tiri varombo zvikuru zvekuti hatifaniki kupa. Other people should give to us.</p> 	<p>Nyangwe varombo sei Havana chikonzero chekusapa. Muna Maraki Mwari anoudza vanhu kuti havan kukomborerwa nokuti havana kuisa Mwari pakutonga. Anovaudza kuti vamuedze uye vawone zvinoitika kana vakatanga kupa sezvakareva. Tinofanika kupa tichiziva Mwari akatipa zvose uye anoda kutipa zvose zvataingade.</p>
<p>Mwari ane hanya nezvemweya chete.</p> 	<p>Mwari ane hanya nezvose zvehupenyu hwedu. Zvinhu zvose zvakaputsika pakuwa uye Mwari anoda kutidzoreredza kwaari pazvinhu zvose zvehupenyu hwedu.</p>
<p>Mwari anoda tiparidzire vavakidzani chete— hatineyi nezvimwe zvangada.</p> 	<p>Mwari akatiudza kuti tide vavakidzani vedu. Paanotsangudza hwai nembudzi anotirangaridza kuti kuda kupa chikafu, mvura nemusha. Paakabvunzwa kuti muvakidzani wedu ndiani, Jesu anotaure nyaya yemuSamaritan achisangana newaasaziva ainge akuavara pamugwagwa obva amurapisa.</p>
<p>Hatikwanise kuchinja hupenyu hwedu kana tisina atipawo mari.</p> 	<p>Mwari akatotikomborerera. Tinofanika kuvhura meso edu tiwone zvose zvatakapiwa naMwari uye totanga kushandisa izvozvo. Patinoshandisa izvi nekukomborerera vamwe iye anotikomborerawo. Munyaya ykutanga tataura nezvamai Lee vakabatsira vamwe nekuvapa pfungwa.</p>
<p>Vamwe vanhu vari nane kupinda vamwe. Isu hatina kukosha.</p> 	<p>Tose takazvarwa nemufananidzo waMwaria uye Mwari anotida zvikuru zvekuti akatuma mwanakomana wake kuti atifire. Hakuna vanhu vepamusoro kana pazasi muHumambo hwake. Akatisika mumwe nemumwe sezvaaida uye ane chinangwa chakakosha nemunhu woga woga.</p>

Ivhangeri inongoita zvemweya chete.



Jesu akafira kuyanana zvose zvehupenyu, kwete zvemweta chete.

- Ungafunga here dzimwe nhema mbiri dzatinoudzwa naSatan? (dzinyore pamakadhi maviri asina chinhu).

Zviziviso kumudzidzisi: *Zvino waridza makadhi ose pasi (kana kumaisa pachidziro) uye udza vadzidzi vaise mashizha (nyemba/ zvimiti zvokunon'ona mazino kana kutaridza bepa nebhiro) pamanyepo oga oga avakatenda maari kana avanotenda.*

CHIITIKO MUBOKA DUKU

Uchapihwa manyepo maviri anozivikanwa wobva wafunga kuti chokwadi chaMwari chinotii pamnyepo aya.

DZORA MHINDURO

Manyepo aya akonzeresa chii?

HURUKURO MUBOKA GURU

Manyepo aSatan anogona kukonzeresa zvihombe pahupenyu hwedu.

Verenga nyaya inotevera:

Nyika zhinji yelsrael igwenga. Zvakachadero, pane chinoshamisa pegwenga iri. Dzimwe nvzimbo dzegwenga iri hadzina zvirimwa—nvzimbo idzi hadzina kana chinhu uye dzakaoma. Dzimwe nvzimbo dzegwenga dzine masango. Nvzimbo dzegwenga dzakadai dzinobereka michero yakawanda zvikuru uye maruva anoendeswa kune dzimwe nyika pasi rose. Nemhaka yei pane sango padhuze negwenga? Vanhu vanorarama mugwenga iri maArab. Vanotenda kuti Allah akatuka ivhu iri. Havana kana chavanoitanokuti vanotenda kuti ivhu iri harina kunaka uye harimbobudisa chakanaka. Vamwe vevanhu vanorarama munyika iyi maJudha. Vanotenda kuti iyi iNyika yeChipikirwa yavakapihwa naMwari. Vanotenda kuti inyika inoyerera mukaka nehuchi sezvakavimbiswa muBhibheri. Vanotenda kuti Bhaibheri rakatiudza kuti tichengetedze nyika, kuitonga uye kuishanda. Nokudaro vakashandisa hunyanzvi hwavo kufunga pfungwa dzekukurira dambudziko rekushaika kwemvura. Vakawanda mhinduro vakarima masango. Mwari akakomborera kuedza kwavo uye zvino vava nezvakawanda kupfuura zvavangade kushandisa.

- Ndezvipi zvakasiyana pamaArabs nemaJudhah?
- Ndeupi musiyano pakuti nyika yaiburitsa chiii pakati penyika yemaArabs nenyika yemaJudha?

Zviziviso kumudzidzisi: *Batsira vadzidzi kuti vadzidzi vaone kuti maArab aitenda mumanyepo aSatan naizvozvo nyika yavo haina kana pundutso. MaJudah aitenda muchokwadi chaMwari uye vane zvakawanda zvekuti vanotokwanisa kupawo dzimwe nyika.*

Tarisa makdhi emanyepo zvakare. Pamanyepo ose funga kuti musiyano uripo pakati pemunhu anotenda mumanyepo neumwe anotenda muzvokwadi yaMwari. Semuenzaniso, nhamba yekutanga – bas kutukwa. Kana mumwe munhu achifunga kuti basa kutukwa havazoshandi nesimba. Vanozopedza basa kana vachinge vawana kudya kwakwana kwezuva iroro. Havazofariri kushanda uye vanonga vachitsvaka nzira dzekuita zvisomanana nguva dzose. Nerimwe divi, kana munhu achitenda kuti basa unhu hwedu uye inzira yatingakudza Mwari nayo

vanozoshanda nesimba. Nekuda kwekushanda nesimba kwavo vanozokwanisa kuwana pakuru. Vanogona kutsungirira nyangwe pazvakaoma uye havazosiyi basa zviri nyore.

HURUKURO MUBOKA DUKU

Verenga zvakare manyepo mamwe nemamwe uye kurukurai zvanokonzeresa.

DZORA MHINDURO

Funga shanduko yaungaona munharaunda kana munhu wose akatenda chokwadi kwete manyepo.

- Nharaunda yenyu ingaita nane here kana kuti inowedzera kuipa?
- Nharaunda yenyu inowedzera kuva sezvinodikanwa naMwari kana inotodzika?

Sevadzidzi, ngatitorei chinguva tichinamata kuti Mwari adambure simba remanyepo munzvimbo yedu uye kubatsira pfungwa dzedu kuti dzizare nechokwadi.

Tingapedze sei manyepo?

HURUKURO MUBOKA GURU

Verenga Johani 8:31-32 *Zvino Jesu akati kuvaJudha avo vakeange vamutenda, , "Kana imi muchigara mushoko rangu, muri vangu zvirikwazvo. ³² Muchaziva chokwadi nechokwadi chichakusunungurai."*

- Tinoziva chokwadi sei?
- Chokwadi chinoita sei? (Kutidzikunura kubva pai?)

Kana tichida kusunungurwa pamabasa aSatani zvino tinoda chokwadi chinobva kuna Mwari. Mwari akavimbisa kutumira maKristu “mweya wechokwadi uchatitungamirira mukunzwisisa kwose” (Johani 16:13). Namata kuti Mwari akuratidze chokwadi uye tora nguva uchiverenga Bhaibheri kuti unzwisisa chokwadi. Kumbira Mwari kuti unzwisisa Bhaibheri uye kunzwisisa chokwadi chake.

Chidzidzo chechitanhatu: Wongororo yezvingadiwa

Pfungwa Huru

1. Kupa humbowo nezvenharaunda
2. Kubatsira boka kufunga nzira dzingashandure nharaunda
3. Kubatsira kutanga kugadzira hurongwa hunounza shanduko munharaunda

Zvingashandiswa

1. Bepa hombe risina kunyorwa
2. Makadhi asina kunyorwa

Nhanganyaya

CHIITO MUBOKA GURU

Chinhanho chinotevera kuunza shanduko kunharaunda yedu kutarisisa nharaunda yedu uye kunzwisisa zviri pachena matambudziko atinosangana nawo uye tariro dziriko kumberi.

Zviziviso kumudzidzisi: *Sarudza “mari dhora”—mari duku yepepa munyika menyu—jyo ingazivikanwe nemunhu wose. Torai mibvunzo iri pazasi ive yemari inozivikanwa nevanhu vamuri kudzidzisa) Taurira boka ripindure mibvunzo inotevera.*

Zvino tava kutamba kamutambo kaduku: (*Vaudze kuti une marii*)

1. Nhamba 1 inowanika kangani pamari iyi?
2. Mashoko anoti “one dollar” anowanika kangani pamari iyi?
3. Seriyari nhamba inowanika papi pamari iyi?
4. Ruvara rweseriyari nhamba nderwupi?
5. Imhuka rudzii iri kuseri kwemari iyi?
6. Mhuka iyi iri kuiteyi?
7. Vanhu vanagani vari kumashure kwemari?
8. Mashoko api anowanika kumusoro tiri kumashure kwemari iyi?
9. Ruvarai rwuri pachinhu chomiririra nyika kuruboshwe tiri kumashure kwemari?

Dzimwe nguva tinojairira chinhu zvekuti zvekuti hatichicherechedzi zvachose. Chimngwa chechiitiko chinotevera kutibatsira kuti tiwone nharaunda zvakare uye tifunge kuti tingabatsira sei.

Mhuri

CHIITIKO MUBOKA GURU

Dhirowa mabhokisi matatu pabepa hombe. Manyore kuti Varombosa, varombo nekuti vapfum. Mubhokisi rimwe nerimwe tsanangura kuti mhuri yakafanirana nebhokisi rimwe nerimwe inonga yakaita sei. Vaudze vatarise zvinh zvakaita seizvi

- | | |
|----------------|------------|
| • Rudzi rwemba | • Hembe |
| • Chikafu | • Kudzidza |
| • Zvipfuyo | • Basa |
| • Munda | |

Kana vchinge vangopedza, kumbira kirasi kuti vafungidzire estimate huwandu hwevanhu vari munharaunda pabhokisi roga roga nemapesendegi.

Muenzaniso:

Vapfumi	Varombo	Varombosa
Imba yakatsiga, vane mupunga wakawanda nehembe dzakachena. Vane chivhithivhiti, mudhudhudhu, DVD, mombe, nemasofa. Vane chikafu chinokwana kudya katatu nenyama. Vana Havana nzara pavanoenda kuchikoro.	Vangori nemba, haina chinhu mukati. Chikafu chakakwanirana nekudya kamwechete pazuva. Hembe shomanana. Vanodya mashizha embambaira.	Imba yava kudonha. Vanodya kamwechete pazuva – mupunga nemunyu. Havan chimwe chavaokwanisa kuwedzera pachikafu ichi.

Nharaunda

CHIITIKO MUBOKA DUKU KANA GURU

Zviziviso kumudzidzisi: ita kuti vose vashande pamwe chete kugadzira mapu yedunhu ravo.

Kana uri kudzidzisa vanhu vanobva kunharaunda dzinodarika imwe, patsanura kuitira kuti boka roga roga rive renharaunda imwechete. Kana pane vanhu vanopfuura vatanhatu vapatsanure vaite mapoka maviri, ose agadzire mapu.

Kana mapu yapera, ita vadzidzi vadonongodze zvinoti:


- Panowana vanhu mvura yekunwa
- zvikoro, zvipatara, misika, pezveutano, etc.
- Nzvimbo dzekunamatira dzakakosha
- Nzvimbo dzinowanika parafini yokubikisa
- Migwagwa yakakosha, etc.
- Nzvimbo dzekutandarira

Kana mamapu apera, ita kuti vaenzanise mamapu vaone musiyano uye zvakafanana. Kana vachibva munharaunda imwe chete zvino ngavapanane pfungwa pane zvingadai zvadarikirwa.

Kana mamapu aya apera, dhirowa mapu yechipiri inoratidza zvavangade nharaunda yavo iri mumakore

gumi achauya kubva parizvino. Vaudze vatsanangure zvawadzera kumapu uye nemhaka yei, uye zvavachinja.

Zvakasiyana nemapu yekutanga papi? Nyora zvihombe zvakachinjwa paZvihombe Zvingachinjwa Munharaunda papepa rokudzidzisa.



Kuronga Mabasa nehukoshwa hwawo

CHIITO MUBOKA GURU KANA DUKU

- Funga nezveshanduko yaungade kuona ichitika mumhuri. Zvinyore pakadhi.
- Wedzera zvachinjwa kubva mumamepu emunharaunda uye zvinyore pamakadhi. Isa makadhi pamwe chete. Uda vadzidzi vamaongorere wooN pane zvavangada zvachinjwe here zvisati zvanyorwa apa.
- Rongedza makadhi mumapoka matatu: zvakakoshesa, zvakakosha, zvisina kunyanyokosha.
 - Pamakadhi akakoshesa isa zvobozwa zvitatu.
 - Pamakadhi akakosha isa zvibozwa zviviri.
 - Pamakadhi asina kunyanyokosha isa chibozwa chimwe.

4. Isa makadhi pamwechete zvakare wudza vadzidzi kuti vamarongedze zwichinderana nekuti dambudziko racho riri nyore sei kugadzirisa. Nyore kugadzirisa, ndizvowo, uye rinonetsa kugadzirisa.
 - Pamakadhi ari nyore kugadzirisa isa zvibozwa zvitatu.
 - Pane akangodarowo isa zvibozwa zviviri uye
 - Pane anonetsa chibozwa chimwe.
5. Tsvaga makadhi ane zvibozwa zvitanhatu (kana zvishanu kana pasina ane zvitanhatu.) Aya ndiwo makadhi ane zvakakoshesa uye zviri nyore kuita.
6. Kubva pamakadhi aya sarudza rimwe kana maviri aungatanga nawo.

Pauri kuvhara tora nguva kunamata uye kukumbira Mwari kuti arambe achikutungamirira pabasa rako. Kana nguva ichitendera ita vadzidzi vagadzirire Mabasa eRudo avachaita mberi.